



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA LJANS COVID-19 2021, PWOTEJE TI BIZNIS NOU YO, KI ETABLI PWOTEKSYON KONT EKSPILSYON AK SEZI POU TI BIZNIS YO**

*Lejislasyon (S471A/A3207) la etabli pwoteksyon kont ekspilsyon pou ti biznis ki demontre yon difikilte finansye*

*Lejislasyon an etabli pwoteksyon kont sezi pou ti biznis ki gen 10 oswa mwens inite yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a Lwa Ijans COVID-19 2021, Pwoteje ti Biznis nou yo (S471A/A3207) ki etabli pwoteksyon kont ekspilsyon ak sezi pou ti biznis yo. Nouvo pwoteksyon sa yo apiye Dekrè Egzekitif Gouvènè a ak moratwa sou ekspilsyon ak sezi komèsyal ki te pwoteje biznis yo nan Eta New York kont ekspilsyon oswa sezi depi COVID-19 la te premye rive nan New York nan Mas 2020. Lejislasyon an ap aplike okòmansman pou ti biznis ki gen mwens pase 50 anplwaye ki demontre yon difikilte finansye, ansanm ak ti biznis ki gen 10 oswa mwens inite yo.

"New York te fè efò ekstraòdinè pou pwoteje epi ranfòse ekonomi nou an pandan tout gè COVID la, e li enpòtan anpil ke nou kontinye bay sipò pandan n ap ogmante efò vaksinasyon yo atravè eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou siyen Lwa Ijans COVID-19 2021, Pwoteje Ti Biznis Nou yo a, n ap ranfòse kolòn vètebral ekonomi nou an - ti biznis nou yo te fè fas ak difikilte san presedan - e lijislasyon sa se pral enstriman pou ede rekonstui ekonomi New York la pi byen ke jamè anvan."

Gouvènè a te jwenn yon akò ak Lejislati a pou elaji pwoteksyon yo nan lejislasyon orijinal pou plis pwopriyetè biznis ak pwopriyetè lokal k ap sibi difikilte finansye. Lè nouvo lejislasyon an siyen an lwa, akò a ap elaji pwoteksyon yo a ti biznis ki gen 100 anplwaye oswa mwens, ak pou tout biznis ki gen 500 anplwaye oswa mwens, ki te fèmen pou operasyon sou plas pa dekrè egzekitif oswa enstriksyon depatman sante a pandan de oswa plis semèn ant 15 me 2020 ak 1ye me 2021.

Lwa Ijans COVID-19 2021, Pwoteje Ti Biznis Nou yo apiye yon kantite lòt mezi Gouvènè a te pran pou pwoteje rezidan ak biznis k ap fè fas ak difikilte finansye yo. Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou ekspilsyon rezidansyèl

ak komèsyal nan dat 20 mas pou yon peryòd 90 jou pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Moratwa sou ekspilasyon ak sezi komèsyal la te pwolonje plizyè fwa pa Dekrè Egzekitif.

Lwa Ijans COVID-19 sou Prevansyon Ekspilasyon ak Sezi 2020 an (S.9114/A.11181), te siyen an lwa pa Gouvènè a nan desanm, ki te entèdi pwosedi ekspilasyon rezidansyèl, sezi, diskriminasyon kredi ak rapò sou kredi negatif ki lye ak pandemi COVID-19 la. Li pwolonje tou Egzonerasyon pou Pwopriyete Kay ki Granmoun Aje yo ak Egzonerasyon pou Pwopriyete Kay ki gen Andikap yo (Senior Citizens' Homeowner Exemption and Disabled Homeowner Exemption) soti 2020 pou rive 2021. Lwa a te ajoute sou efò Eta New York yo pou pwoteje lokatè ak pwopriyete kay yo kont difikilte ekonomik ki rive akòz pandemi COVID-19 la. Gouvènè a te siyen Lwa sou Espas Sekirite Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) a nan dat 30 jen ki te antre anvigè touswit epi te pwolonje moratwa ekspilasyon pou lokatè yo jiskaske ijans lan ekspire. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou bay èd finansye pou lokatè rezidansyèl yo pou bay soulajman pandan ijans sante piblik la. Gouvènè Cuomo te bay pwoteksyon anplis tou pou lokatè rezidansyèl yo kont chaj pou reta nan peman lwaye epi otorize lokatè yo pou itilize depo garanti pou peye lwaye pou lokatè rezidansyèl yo pa Dekrè Egzekitif.

**Senatè Anna Kaplan te deklare**, "Pandemi an te frape ti biznis nou yo fò, e yo bezwen èd nou pou yo siviv nan moman difisil sa yo. Lwa Ijans COVID-19, Pwoteje Ti Biznis Nou yo, ke mwen fyè pou entwodui a, ap peze bouton poz la sou pwosedi ekspilasyon ak sezi yo pou ti biznis k ap goumen, pou ba yo yon kout pous pou siviv, epi ba yo opòtinite pou retounen sou pye yo san yo pa sou menas iminan pou yo fèmen nèt sèlman paske yo te an reta pandan pandemi an".

**Manm Asanble Harry Bronson te deklare**, "Ti biznis yo se kolòn vètebral ekonomi nou an, epi kolòn vètebral ki enpòtan menm jan pou kominote nou yo. Ti biznis sa yo, espesyalman sila ki nan kominote ki defavorize ekonomikman yo, oswa sa moun koulè yo posede yo, te afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa COVID-19 la. Lejislasyon sa ap chèche bay ti biznis sa yo yon chans pou yo goumen, pou soti nan pandemi sa lè li ede biznis ak pwopriyete lokal komèsyal ti biznis yo an menm tan".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU